



Avètisman Konsomatè

Fè Atansyon ak Fwòd ki gen Rapò ak Fon Asistans Pwopriyetè Kay la! (Homeowner Assistance Fund) (HAF)

Leta Nouyòk te rezewwa \$540 milyon nan lajan federal pou ede pwopriyetè kay yo (Homeowner Assistance Funds) (HAF). Pwopriyetè kay ki gen yon difikilte pwopriyetè kay ki gen rapò ak pandemi COVID-19 ka kontakte nyhomeownerfund.org oswa (844) 776-9423 pou aprann plis sou si lajan HAF oswa lòt pwogram ka ede yo.

Ou gen dwa fè aplikasyon sou HAF pou grenmèsi Se poutèt sa, Avoka Jeneral Leta Nouyòk, Letitia James, ap avèti pwopriyetè kay yo pou yo veye kont nenpòt moun ki chaje yon frè pou aplike pou HAF oswa pwomèt ke yo ka asire ou ke yo pral rezewwa lajan HAF.

Li ilegal pou mande frè davans pou asistans ipotèk, ki enkli aplikasyon pou HAF, modifikasyon prêt, tolerans ak lavant kout. Menm avoka yo pa kapab mande yon frè davans pou asistans ipotèk sof si ou-menm ak avoka-a te antre nan yon kontra pou bay sèvis (sa ke yo rele yon “retainer”) epi avoka-a te depoze yon avi pou parèt nan non ou nan yon ka aktif nan tribinal la.

Anplis de sa, pèsonn pa ka pwomèt ou lajan HAF. Divizyon Lojman ak Renouvelman Kominote Eta Nouyòk (New York State Division of Housing and Community Renewal (HCR) pral responsab HAF. Twò souvan magouyè yo pwomèt tèl rezulta, pran lajan ou, men lèfini yo pa janm soumèt yon aplikasyon sou non ou, epi yo kite ou pi mal pase sa ou te anvan.

Pwopriyetè kay yo pral kapab aplike pou HAF pou kont yo epi gratis ak soumèt dokiman minimòm.Ou ka aprann plis sou fason pou aplike si ou ale sou wèbsit HCR konsènan HAF la: nyhomeownerfund.org.

Si ou bezwen asistans ak aplikasyon HAF oswa si ou gen kesyon sou lòt èd ki disponib, ou ka jwenn asistans GRATIS lè ou kontakte liy dirèk Pwogram Pwoteksyon Pwopriyetè Kay Eta Nouyòk (New York State's HomeOwner Protection Program) (HOPP) nan (855) HOME-456 oswa (855) 466-3456. Oswa lè ou vizite sit entènèt HOPP: homeownerhelpny.com. Pandan plis pase dizan, Avoka Jeneral la te ede finanse HOPP epi li travay kole ak defansè HOPP atravè Eta Nouyòk.

Si ou kwè yon yon magouyè asistans ipotèk oswa HAF te kontakte ou, tanpri pote yon plent ak Avoka Jeneral la:

[\(800\) 771-7755](http://ag.ny.gov/consumer-frauds/Filing-a-Consumer-Complaint)

Konsèy pou Evite Fwòd Sekou Ipotèk ak HAF

 Pa kwè anons sou entènèt, demann telefòn, oswa moun kap vin devan pòt ou, eksepte nan ajans gouvènman ou fè konfyans, ki pwomèt yo ka jwenn yon lajan HAF oswa yon modifikasyon ipotèk.

 Se sèlman HCR ki ka apwouve ou pou HAF epi se sèlman bank ou oswa ajan ipotèk ki kapab apwouve yon modifikasyon

 Fè atansyon ak demann moun oswa konpayi ki gen nimewo telefònn oswa adrès ki pa nan eta-a, espesyalman pou avoka.

 Se sèlman avoka ki admèt pou pratike nan Nouyòk ki ka reprezante ou nan tribunal la.

 Pa bay yon moun kap rele owaza enfòmasyon finansye pèsonèl ou oswa yon moun kap frape sou pòt ou, oswa kòm repons a yon moso lapòs ou pa tap tann. Sa enkli nimewo kont labank ou, nimewo sekirite sosyal ou oswa non moun kap bay prêt ou la.

 Bank ou-a ap déjà genyen enfòmasyon sa yo.

 Pa janm peye yon frè davans pou sèvis ki gen rapò ak ipotèk.

 Se yon vyolasyon lalwa Nouyòk pou fè ou peye frè davans pou sèvis sa yo e yo ta dwe rapòte vyolasyon yo bay biwo Avoka Jeneral la.